

SS.7.C.3.10

Idantifye sous ak kalite lalwa (sivil, kriminèl, konstitisyonèl, militè).

SS.7.C.3.10 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap konpare lwa sivil, kriminèl, konstitisyonèl, ak/oswa lwa militè.

Gen diferan kalite lwa nan peyi Etazini. Yon kalite se **lwa konstitisyonèl**, ki konsantre sou entèpretasyon Konstitisyon peyi Etazini an. Lwa Konstitisyonèl defini pouvwa ki genyen ant eta yo, ant gouvènman nasyonal la ak eta yo, ak ant gouvènman an ak sitwayen yo.

Yon lòt kalite se **lwa sivil**, oswa lwa ki boule ak relasyon ki genyen ant moun yo (olye ke se relasyon ki genyen ant pèp la ak gouvènman an). Egzanp, Atik I, Seksyon 8 nan Konstitisyon Etazini an asire dwa pou otè yo ak envantè yo pou reklamasyon ekri yo ak dekouvèt yo kòm pwòp travay yo, pou yon tan ki limite. Pandan peryòd tan sa yo, si yon lòt moun kopye ak reklame travay otè a oswa envantè a kòm pwòp travay li, yo ka rele l nan leta.

Lwa Kriminèl gen pou wè ak krim e pinisyon pou krim sa yo. Moun ki vyole **lwa** eta yo gen pou fè fas a tribinal eta a. Moun ki vyole lwa federal yo gen pou fè fas a tribinal federal. Lwa sivil ak kriminèl gen plis efè sou sitwayen yo. **Lwa Jivenil** gen pou wè ak moun ki poko gen laj 18 an ki komèt krim.

Lwa Militè sèlman aplike pou moun ki nan militè a. Kongrè a te kreye yon seri lwa kriminèl ki rele Kòd Inifòm Jistis Militè (KIJM) (Uniform Code of Military Justice (UCMJ)) pou tout moun ki sèvi nan militè. Militè a gen pwòp tribinal li pou jije ka ki enplike moun ki nan militè a ki komèt krim

Lwa - yon lwa ki te pase nan nivo eta a

Lwa Jivenil - gen pou wè ak moun ki poko gen laj 18 an ki komèt krim.

Lwa Konstitisyonèl – lwa ki konsantre sou entèpretasyon Konstitisyon peyi Etazini an

Lwa Kriminèl - gen pou wè ak krim e pinisyon pou krim sa yo

Lwa Militè - sèlman aplike pou moun ki nan militè a

Lwa sivil - lwa ki boule ak relasyon ki genyen ant moun yo (olye ke se relasyon ki genyen ant pèp la ak gouvènman an).